Ар елыытащ мэзкудэсхэм я гъащхьэт Плетикосэ Стипе и Іуэхур къызэрекІуэлъим - гъэмахуэм абы командэм зэкІыжьиу и мурадщ. Ауэ махуэ гъунэгъуэм хорват футболистым и контрактым пащэмэ, 2009 гъэм Хомич Налшык щыджэгунущ.

Лэжьыгъэр йокІуэкІ

Тыркум зыщызыгъасэ «Спартак-Налшык»-м иджыдІагъэ и ныбжьэгъуэгъэ зэІущІэ дригъэкІуэкІат Румыниием и «Васлуй» футбол командэмрэ ди щІалэхэр 2:0-у текІуащ .

Топхэр дагъэкІащ Концевой Артемрэ Амисулашвили Александрэ. Къыхэзгъэщхьэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм и гъусэу зэрызыгъасэр ар Концевоим и еханэ топ зэрыхъуар. КъыкІэлъыкІуэ топыр Амисулашвили пенальтикІэ дигъэкІащ. Командэм и гъусэу зигъэсэн зэрыщІидзэр Мандрыкин япэ дыдэу гъэзэм дэуваэр арати, абы тренерхэм я дзыхьэу игъэпэжащ.

«Спартак-Налшык»-м хэту а махуэм джэгунІэ губгъуэм кьыхащ Мандрыкин, Ятченко, Джудович, Шумейко (Амисулашвили, 46), Филатов, Леандру, Концедалов, Джатэрывэ, Гогуа, Концевой, Гъэзщокъуэ (Лечич, 70).

Нэхъапэ Іуэхь Словакием и «Таран»-м и ди командэм дригъэкІуэкІа зэІущІэр 0:0-у ирихащ. Гъэмахуэ дэтар Бородинщ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Замирщ.

Бзэр тIэщIэкIыу щытмэ...

Гъут Iэдэм

Ди анэдэлъхубзэр нобэ зыхуэхIуа щытпыкIэм имыкъуэпIейтейуэ хъанэрхьым лъэпкым щхьэкIэ гуузэ-лъуз зиIэ дэтхэн зыри. Абыхэм ящыщыр филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Гъэрэ Къэрэмыр къэухтэныгъэхэмкIэ Къэбардей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и къудамэм и унафэщI Гъут Iэдэм. Адыгэбзэм и къэкIуэпIэр, абы нобэ иIэ мыхъонэр - арац ди псалъэмакъым лъабжьэ хуэхъуар.

- Iэдэм, щIэныгъэ Iуэхум епхауэ ООН-м щылажьэ едзакъэшхуэхэм зэрыхэтыгъэфащэмкIэ, лъэныкьабзэ щыкIуэщыIэм я ныхъыбзэ 2100 гъэм дунейм текIуэлыкIыжыгъ. Ди адыгэбзэр абыхэм яхэхуэнкIэ щыпагъуэ щымыIэу пIэрэ?

- Апхуэдэ щынагъуэ щыIэрэ щымыIэрэ щхьэж и фIэщ хъунуми мыхъуфыми есым и Iуэхуэщ, ауэ фэ фегупсыс. НэгъуэщI зари фыхуейкъым ди узрамэхэм ущрикIуэкIэ пIыгагъэм фIэкIа. Лъэпкъ щыкIуэхэм ди бзэр - адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр - лъэныкъуэкIэ екIуэтэкIа хъуащ. IуэхуэщIапIэхэм я щIэр зэрыбгтхар урысыбзэщ, уеблэмI ебжIыр инджалыпIыбзэщ. Псалъэм папщIэ, нобэ инджалыпIыбзэкIэ езыгъэщхэм жыпIэрэ, улъыхъуэ щIэбдзэм, зым и пIэкIэ 3-4 бгъуэтыныщ, Ди республикэрэ Москвэ къэгъэнауэ, езы Лондон дыдэ щезыгъэщхэфыгъэнэжу щIыпIэ. Ауэ адыгэбзэр ныбжьыщIэхэм тэмэму абгъэщIыпхьэн жыпIэрэ ухьхьэмэ, абы нэхъ гугъуэ удэхьынущ. Нобэрей педагогикэм Iэмалу иIэу хъуам хуэдэ, сабий психологием и хьэрискхъуэрис псори зыщIэ IэщlагъэлI диIэу си фIэщ хъуркъым. ДиIэмэ, хьэрыкъуакIэ дэсщ, къыдамыгъэплъу. Абы и лъэныкъуэкIэ щIэныгъэ Iэщlагъэ жьакIуэ тельыджэу диIащ урысыбзэмкIэ езыгъаджэу щыта Щэджыхьщэ Марие. И ахърэт нэху хъьу.

- Адыгэ Iуэхум, анэдэлъхубзэм тепхуэу зэфIэщIыфхьу- кIэ, мыпхуэду щыгъэхьбзоу: «Адыгэр нгъашIэкIэ псэунущ, зэи кIуэдыжьынукъым. Ар кIуэдыжьынущкъым, щхьэгъэжьыхьхэр?». Си щхьэкIэ абыхэм акъылэгъэ садэхьубгъэнукъым. Сыту жыпIэмэ, махуэ кьэ сльагъэр, си тхьэкIуэ кыдуэр нэхъуэщIщ. Зи гугъу сшIынкъэхьлIэр Налшык. Мыдыдж кьащIыхуэ щIалагъуэлтэ и анэдэлъхубзэр щIалагъуэлтэ и къудамэм и унафэщI Iэщlагъуэ, нэхъыбэм хамбгъэм хуэдэуи кьыгъэрагъэсэбгъэпыр.

- Езыр-езыруэр псори зэтес хьужьыщIу жыпIэрэ, уи нэр буфIыщIу уи Iэр зэтедзэу уитIысыжмэ, бгым зедбыхьажу аращ. УльпхъэщIи, лъэпластхъэн, Iмал гуэрхэр къагъуэтын хуейщ. Емыгъэш щIыгъуэ мэхъу, жи. Адыгэбзэр нобэ зыхуэкIуэ щытыкIэр кьытфIэмыIуэхъуу хьунукъым. Дэращ, лъэпкъыирщ, зэпытар абы и къэкIуэнур. Хэлъэт, гудакъэ щIыдиIэн, ди гур щIэзыпIэ хуейр аращ.

«Сэсыдыгжъэ, адыгэ хабзэр сщIэркъэ, дыльпэкIэ дахьэ, адыгэм нэхърэ нэхъыфIщIыIэ?» - жызыIэу зи бгъэм теуIуэжкъэ ущрохьэIэ зэхуэхсхэм. Дэ нэхъ р нэхыфIыщIэм дахуэдщIрэт! Итэжьыпэкъэ жыпIэу щытмэ, нэхъ къыкIэрэхуэ лъэпкъэм дащыщ. Дяпэ ита ди адэжьхэм фIагъыу ябгъэдэлъам дригушхуэу, ауэ а фIагъэхэм ящыщ дэ кьыддамыльагъэжу дыкъэнащ. ДызыщIэгупсысыжьмэ хуейщ, Уи щхьэ фIы хужьпIэжкIэ, фIы хъьупчъкъым, зыбубжьжу уи щхьэр щIыфIэбудыжьмэ щыIэкъым. Ауэ дызыщыгъэхуэ къудейкIэ, (узищIасэм уегъагъэрэ, узижагъэм уегъэгуфIэ ж ы х у а I э р а щ) дызыщыгъфыкIыжкIэ ди Iуэхуэр efIэкIуэнукъым.

- Сэ нэхъыбэу сыщIэгъэзэр Налшык кьалэр дэсхэрарэ, Унагъуэу мы кьалэм щыпсэуу кьащти, си щIыхуэгъэхэрауи прехьу, кьыздэлажьэхэрауи щрет, «си бынир адыгэ гъает, адыгэ журнал, адыгэ тхыль йодж» жызыIэ срихьэлIауэ сщIэркъым нужь иIэхэ зыбгъупщIым.

Нобэ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

Хъугъуэфыгъуэ нэхъыщхьэ

Дунейм и къэхъугъэ нэхъыщхьэ дыдэщ бзэр. Щы хъурейм лъэпкъыу зетым я къэпщ, зэрахьэ хабзэхэр, адрейхэм кьаззрыщхьэщыщ я лъэпкъ нэщэнэхэр, гупсысжьымрэ къоузыгащIэу щыIэр абыхэм яIурыльэ бзэрщ, я анэдэлъхубзэрщи. Араш щыхуэм дунейм кьыззэрищIэ, фынрэ ІейнрэІ зэхигъэкIыфу щIэбгъэр нэхъыкIэм япэ, дыдэ зэраущIэ, адэ-анэжьм быныр гъэсэныгъэ зэрыхалъхьэ Іэмэпсымэ нэхъыщхьэр. Анэдэлъхубзэрращ псэм и щытыкIэр зэхуэсу кьыззэрыпIуэгъэфыр, гупсысхэр зэрыпхуэгъэщэрыуэр. Араш и щIэдзапIэр гъашIэм и «джIеинпIэ» къуэдыж.

АПХУЭДИЗ къару зэриIэрщ сыт хуэдэ зэмани щIыху акъыпыфIэхэм анэдэлъхубзэр хъумэным мыхьэнэшхуэ щIратыр. Анэдэлъхубзэм и зэфIэкI псори иеку къэзымыгъэсэбэп пIэлъэныкъ и къарыр хуэмурэ щIокIуэсыкI, пIэм пIащхъэр зэрипIасыжьыр. Абы щIыпIэм щыIэ адрей кьалэхэми бзэ куэд щызэкIуэри, абыхэм ди пIащхьыбзэр щафIэкIуэдынкIэ мэхъу. НэгъуэщI Іэмал сльагъэркъым бзэр хъума хъунымкIэ, абы папщIэ щIоIуэсыжьмэ, абы папщIэ щIоIуэсыжьмэ, ди лъэпкъ пащхьэм гуныхъ кьыщцIухъу аращ.

Абы егупсысауэ, анэдэлъхубзэмкIэ зохалъхьэ программэхэр а Іуэхум тещIыхьэн, лъэпкъ куэд щызэхэпхьа кьаухэм, кьуэдым дэс адыгэхэм ар нэхъ гъэнэгъу зэрахэутщIын Іэмалхэр кьэдгъэтын хуейщ.

- Іэдэм, я жьыпIам арэзы утемыхьэжькIэ Іэмал иIэкъым. Ауэ мыпхуэдэ Іуэхуэгъэми и щхьэфи иIбзи хуейиу кьыхьэлIащ. Ди щIыбзэм, нэхьыбэу кьаджэхэрэ ящыщ гуныхъ хуейщ. Адыгэбзэр дахэ-дахэу зэрамыIуэн хуэдэу кьыздэгъэсэбэпыр.

- Езыр-езыруэр псори зэтес хьужьыщIу жыпIэрэ, уи нэр буфIыщIу уи Iэр зэтедзэу уитIысыжмэ, бгым зедбыхьажу аращ. УльпхъэщIи, лъэпластхъэн, Iмал гуэрхэр къагъуэтын хуейщ. Емыгъэш щIыгъуэ мэхъу, жи. Адыгэбзэр нобэ зыхуэкIуэ щытыкIэр кьытфIэмыIуэхъуу хьунукъым. Дэращ, лъэпкъыирщ, зэпытар абы и къэкIуэнур. Хэлъэт, гудакъэ щIыдиIэн, ди гур щIэзыпIэ хуейр аращ.

«Сэсыдыгжъэ, адыгэ хабзэр сщIэркъэ, дыльпэкIэ дахьэ, адыгэм нэхърэ нэхъыфIщIыIэ?» - жызыIэу зи бгъэм теуIуэжкъэ ущрохьэIэ зэхуэхсхэм. Дэ нэхъ р нэхыфIыщIэм дахуэдщIрэт! Итэжьыпэкъэ жыпIэу щытмэ, нэхъ къыкIэрэхуэ лъэпкъэм дащыщ. Дяпэ ита ди адэжьхэм фIагъыу ябгъэдэлъам дригушхуэу, ауэ а фIагъэхэм ящыщ дэ кьыддамыльагъэжу дыкъэнащ. ДызыщIэгупсысыжьмэ хуейщ. Уи щхьэ фIы хужьпIэжкIэ, фIы хъьупчъкъым, зыбубжьжу уи щхьэр щIыфIэбудыжьмэ щыIэкъым. Ауэ дызыщыгъэхуэ къудейкIэ, (узищIасэм уегъагъэрэ, узижагъэм уегъэгуфIэ ж ы х у а I э р а щ) дызыщыгъфыкIыжкIэ ди Іуэхуэр efIэкIуэнукъым.

- Сэ нэхъыбэу сыщIэгъэзэр Налшык кьалэр дэсхэрарэ, Унагъуэу мы кьалэм щыпсэуу кьащти, си щIыхуэгъэхэрауи прехьу, кьыздэлажьэхэрауи щрет, «си бынир адыгэ гъает, адыгэ журнал, адыгэ тхыль йодж» жызыIэ срихьэлIауэ сщIэркъым нужь иIэхэ зыбгъупщIым.

ХьэкIуащэ Андрей

- НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэр къэкIуэжмэ, ди бзэр ефIэкIуэну, лъэпкъыр нэхъ кьыззэтена хьуну кьэпльэтэрэ?

- Зы дыхъужьныр ди хьэупсапIэхэм ящыщщ. Къэралым кьыгъуэ Іэхуэгъуэхэм ящыщщ урысыбзэр зрагъэщIэныр. Бзэм нэмыщIкIэ, ахэр кьызэгъэпщынэ хуейщ фэтэрхэ, пэжьапIэкIэ, къуэжьэ дэсыну и мурадмэ, унэ-щIапIэкIэ. Кіэщу жыпIэмэ, мыльку и лъэныкъуэкIэ хуэ текIуэдзэнущ икIи «Къэралыр апхуэдэ Іуэхум пэльэщыну пIэрэ?» упщIэр хьэуб. Къэзыгъэзэжа яныныкъуэхэми куэдрэ зыщIэлъэгъуэ ягъэзэж. Хэбгъэзыхьмэ, зыхуэй хуэзэу псэухэми ягъэзэж, ди деж щыIэ гупсысэкIэмрэ езыхэр зыхэсахэм я хабзэ-бзыпхъэхэмрэ зэтехуэрыкъым. Хамэ кэрал щыIэ адыгэхэр ди деж кьэкIуэжьынымэ зэман куэд текIуэдэнущ, сыту жыпIэмэ тыншыкъым хэкуэ кьагъэзэжьыну зэрыхуэйм щыхьэт текIуэ тхылъхэри кьыздэпхыну. Абы нэгъуэщI куэди хэлъщ.

- Адыгэбзэм нэхъри зиуэзщIын, ипэкIэ кIуэтэн папщIэ ди лъэпкъым теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр адыгэбзэкIэ ятхыу хабзэу щытамэ, мынэхьыфIу пIэрэ? СызэрыщыгъэзэмкIэ, Адыгэ Республикэм диссертацыу щыпсалъэкI я советым и тхьэмадэ Щащэ Къазбэч апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкIэм трегъэчыныхь. Уэрэ уэхтщ апхуэдэ советым. Дауэ зэрыпсалъэ Іуэхуэ?

- Анэдэлъхубзэм лей зэретхым и зы щыхьэтщ ди щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр урысыбзэкIэ зэрыттхыр. Ар ди бзэм зэрэн кьыхуэхьу Іуэхущ. Девгъэгупсысыт, бзэм дауэ зэрызиужьынур, адыгэбзэм и грамматикэр, и тхыдэр, ІуэрыІуатэр хамэбзэкIэ тхыныр? Мы щытыкIэм дыкьымыкIэмэ, бзэм зиужьынкIэ Іэмал иIэкъым.

ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэр, монографиекэр, тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ тхыжмэ нэхъ тэмэму кьыщыхэтлъхьам, диссертацэхэр щыпхаГъэкI ди советым кьыздиныгъакъым. Ди студентхэм ящыщ зыми и диссертацэр адыгэбзэкIэ итхыну мурад ищIати, ди язынныкъуэ щIэныгъэлIэхэм кьыхуадакъым.

Адыгэбзэм и Іуэхуэр щефIэкIуэнур ди лэжьыгъэхэр пIэлъэныгъэхэм ящыщ ди бзэкIэ ятхыжьмэ-зэмэщ. Апхуэдэ зэфIэкI дэ диIэщ. ДыщиIэкIэ - кьэдвгъэгъэсэбэп. Сэ апхуэдэущ а Іуэхум сызэрепльащ.

Тыркуу, Къайсэр щхьэ.

ХЬЭНФЭНАлим

Зыми хуэмыдэ

Адэжь щIыналъэ,
Си нэр зыгъапплъэ,
Си лъэр здэбыдэ,
Зыми хуэмыдэ,
Уэ уи жьэгу дыщэм
ЩызекIуэ хабзэм,
Анэдэлъхубзэр
НыдоIэпэбзэр.
Дэ ди гуфIэгъуэ
Ди нэщхьеягъуи,
ТхузэфIгъэзахуэу
Утетщ гъуэгу махуэ,
Анэдэлъхубзэ,
Адыгэ жьабзэ,
Уздэщымыдэ
Сыщремыдэ.
Уэ ди нэ, ди псэ,
Лъэпкъым и гупсэ,
Анэм и жьабзэ,
Анэдэлъхубзэ,
Уэ узижагъуэр
Хэтми мыщIагъуэ,
УзыгъэикIэр
Акъыл тхьэмыщкIэщ.
Си гум и хущхъуэ,
Псэм и IэфIыщэ,
ПхузощI сыт щыгъуи
Адыгэ фIыщIэ.
Анэдэлъхубзэ,
Анэм и жьабзэ,
Уздэщымыдэ
Сыщремыдэ.

Черкесск къалэ.

ГЪУНОКЪУЭПЫкIэ

* * *

Уи анэ ЗфIу
Уэ къоплъэ
щыхъукIэ,
Уи нэкIущхьэ ба
къыхуищIу,
Уи тхьэкIуэмэ,
къызэрипIущащэ
Бзэр араш уи
анэдэлъхубзэр.
Хуитныныгъэм папщIэ
шы зыгъафIэр,
Гъэсэныгъэм хуеIэу
щхьэр зыIэтыр,
Щ1ыгум хэхуэж
хъумэ,
Уи адэжь
къыпхуигъанэ
Бзэр - араш уи
анэдэлъхубзэр.
Махуэ кьэс
бгъэкIуэдрэ
ПщIэ
зыхуамыщIыжьыр,
Уи гупсысэхэр
Зыхьыжь-
зыIысыщIэжьыр,
Узэгъэпэуа бзэрращ -
Уи анэдэлъхубзэрщ!

Тыркуу, Къайсэр щхьэ.

Тхылъыр зэманым поджэж

• Ди псэлъэгъуэхэр

Акцъан Ритэ

КьыштщIэхьуэ щIэблэм адыгэбзэр ящIэу, абы пщIэ хуащIу икIи пращъэфIакIуэу щытынымк, щальхуа щIыналъэр фIыуэ яIыгъуу щIалэхэр гъэсэным эфIэкIыу пIэр езыхьэлIэ хэкупсэхэм ящыщу Акцъан Ритэ. Абы КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ и кьудамэр, МКъУ-м и психологие факультетыр кьынхуащ.

Ритэ сабий садым гъэсакIуэу лэжьэн щыщIидзащ. Нужькъэ Нэдыкъ дэт гимназие №13-м егъэджакIуэу иIэж куэдкIэ щыIащ. Абы и дерсхэр гъэдэхуэнт, сабийм я лъэныкъхым, гупсысэм зезыгъэжьы Іэмалхэр дэтхэнэми кьыщIгъэсэбэпу. Аицъанэр щIэх-щIэкIыуэ егупсысыт адыгэбзэр зэрыт щытыкIэм папщIэ лэжьыпхъэхэм. Апхуэдэ гурыльхэр абы кьехьуIаца БгъэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым щылажьэну прагъэблэгъа ноужь. Мы зэманым Аицъанэр институтым школ кIуэгъэу иIэжьажьэнымкIэ и кьудамэм и егъэджакIуэ нэхъыкIэщ, сабий садым щыIэ щыкIуэкIэ адыгэбзэр зэрегъэджыпхъэ ме тадж зр еубзыку.

Иджыблагъэ дунейм кьытехьащ

Аицъанэм и тхылъыщIэ, «Анэбзэ» щIэр зиIэр. Ар сабий садхэм адыгэбзэр щезыгъэджэхэм дэIэпыкъуэгъушхуэ яхэзгъэнущ. ТхылъыщIэм, адэжь нIэ мурадкъэм тедгъэгъэлъхьыну Ритэ зыкъуэдгъэзащ.

- Ритэ, сабий садым адыгэбзэр щезыгъэджэхэм, щэч хэмылъу, хуабжьу щыгуфIыкIащ кьыздэкIа тхылъым. Зи щIол кIуэгъуэ мыхьуа щыкIуэхэм папщIэ тхылъ щхьэхуэ зэхэлъхьапхъэу зэрыщытыр уэ фIы пыщIу кьыбгурулу. Сыт хуэдэ гупсысэхэм, Іуэхугъуэхэм урашэлIа а лъэныгъэм?

- ЗэрытщIэжщи, япэм лъэныкьэ зэхэр кьурыт щколым щезгъэджэнымкIэ гульытэшхуэ игъуэту щытаКым: ар Іэмалыншэу щаджэкIыр кьуажэ щколэрат, кьалэ ефжанIэ-хэм я нэхъыбэм а дерсхэр факультативу щрагъэкIуэ зэкIырт. Іэщlапсэ Іуэхущlапсэхэрати, абы пщIэ нэхъ щызыпIэр зэрыщыбгэрат. Кьаращ щекIуэкIа зэхъуэжьыныгъэхэм Іуэхуэ-Іуэу куэдым нэгъуэщIынкIэ зрагъэпсыжьащ. Псом япэ пщIэ хуащI хъуащ я анэдэлъхубзэм, лъэпкъ хабзэм, тхыдэм, щIэнхабзэм. ЛъэшIыгъуэ блэкIам и 80 гъэхэм я кIэ хъым, анэдэлъхубзэкIэ я зыужьныгъэм къэрал мыхьэнэ щIагъуэтам, ди республикэми адыгэбзэр ди щIыпIэм щызедуэ кьэралыбзэщ щагъэуващ. Абы кьыкIыгъ: пIэ бзэм и пщIэр дэнэкIи кьыщыIэтыжын хуейуэ. Дауи, а лэжьыгъэр кьыщыщIэдзэн хуейр (унагъуэм нэмыщI) сабий Іу зхущIапIэх эрт

КьыштщIэхьуэ щIэблэм анэдэлъхубзэр егъэщIэн, фIыуэ егъэльагъун и лъэныкъуэкIэ адэ-анэжьм я ужькIэ, лъэпкъыбзэмкIэ егъэджакIуэжм я пщIэ кьалэмыщхуэ мыкIодхуэ. Псом хуэмыдэу сабий садхэм щылажьэхэм. Аэращ щыкIуэхэм бзэр япэу езыгъащIэр, езыгъэджэр, абы и Іэфlагъыр зыхьезыгъащIэр. А лэжьыгъэм лъэпощхьэ щIалагъуэ дыпэрабгъэкI Іэмал щыдгъуэутыжьыт, абы и лъэныкьуэкIэ кьэдгъэсэбэпын тхылъ гуэрэ программэ димыIэу кьыщIэкащ. Сэри а лъэхъэнэм сабий садым сыныIэт. Іуэхуэр утыкъу кьыщIитлъхьэм, щIэныгъэлIэхэм, егъэджакIуэ пашэхэм зэкIыпIэхэр кьалхьыхьэу хуежьащ. Кьаращтэмэ, Багъ Николай адыгэбзэр сабий садым зэрыщIэгъэджакIыпхъэм теухуа программэ зыщIу зэхилхьаныу щытащ. Ар хьарзынэт, ауэ бзэр псори кьыхэщIиубыдэртэкъым. Итlанэ Багъыщрэ Щомахуэ Хьэлимэтэ программэмщIэ зэхалъхьащ. 1989 гъэм абыхэм кьыдагъэкIаУ щытащ «Сабиигуэ» фIэщыгъэщIэ зиІэ хрестоматие щыкIу. Ари мащIэу, ау я сэфIэн зэхуащ: ари зимыIэ гъэсакIуэ-егъэджакIуэхэм зэу я кьэтщIащ. Ар ди дэIэпыкъуэгъу, иримыкIыуэхэр адэкIэ-мыдэкIэ кьыщIытлъхьэхуэкъуэ дылъэжьащ.

Бзэр щыкIуэхэм нэсу ирипсэджьфын папщIэ егъэджакIуэр зыхуей псори зэуIуэу зэрыт тхылъ кьыдэгъэкIынкьи япэу сигу кьихьащ а лъэхъэнэм. Ауэ ар щыссуэзэфIэкIар нэхъ иужьыыуэкIэщ - институтым лэжьэн щыщIэздза нэужьщ. Абы дикIыуэр кьалэ, кьуажэ сабий садэм эзкьым-тIэукьым дыззрикIыар, адыгэбзэмкIэ яIэ-ямыIэр зэдпIэщIэн, дэрэ зэхуэтхьэса мащIэмкIэ егъэджакIуэхэм защIэдгъэкъуэн мурадкIэ. Кьэзэгуеея псори, си гупсысэхэри, Іуэху епльыкIэн ящыщщIауэ щытащ 2003 гъэм кьыдэзгъэкIа «Анэбзэ» тхылъым. Зэрагъэунэхуу кьыдэкIыгъуэу згъэхъэзыра а тхылъым зэрысльэкIиІэ кьыщIэзащIэзыуфыдащ цIыкIуэхэ, я ныбжь ельытауэ, адыгэбзэм и фонетикэр, лексикэр, морфологиер, синтаксисыр зэрегъэдкьипхэр.

Кьару куэд есьхэлIат а тхылъым, ауэ Іуэхуэр и кIэм зэрынэмысар кьызгурыуэрт. Программэрэ егъэджыпхъэ, яжеIэжьпхъэрэ уиIэ щхьэкIэ, диагностикэ хуейкъэ Іуэхум? Егъэджэныгъэр апхуэмыдэу зэфIэпхыфыныкъым. Зым адрейм кьыкIэльыкIуэу, зым адрейм дыщIигъуэ игитэфIакIуэу щытын хуейщ. Ахэр ящыщ дыдэ кьыздэкIа «Анэбзэ» тхылъым кьыщызгъэгъэлъэужащ.

- Нужьрейуэ кьыдэкIа «Анэбзэр» ар гъэнэхъыныгъэ псомэ кIуэцIрыкIа, иджырей программэщIэм кьыгъуэ кьалнэхэм ипкъ иткIэ зэхэгъуэва зэрырагъаджэ тхылъ. Абы щIэуэ хэплъхьаэм нэхъ зэпкрыкIэу щытыгъуэ зэрыгъэлъагъуэ, Ритэ.

- Акъылым, гупсысэм, лэжьэкIэм зэрызиужьым хуэдэу, абы лъандэрэ блэкIа илъэсхэм садым адыгэбзэр зэрщезыгъэжьэхэм я Іуэхум щIэ куэд кьыхьыкащ. Хэкупсэ гъэсэныгъэм гульытэ нэхъ хуэтщI хъуащ. Ди бзэр ди псэу, ди дунейуэ зэрыщытыр нэхъ кьыдгурыIуэж хъуащ. Абыхэм кьыхэкIыу егъэджакIуэхэр зэхуэхьэныныгъэ гиГъэтащ.

Тхылъыр Іыхьэ зэбжанэу зэхэлъщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, школым хуэгъэхьэзыр сабий садым гъэсакIуэ щыIэ хьэлэмэт щIауэкIэ, адыгэбзэмкIэ ябгъэдэлъын хуейщ. Ахэр ящыщ ящыщ хэлъхьэ «Анэбзэ» тхылъым кьыщызгъэгъэлъэужащ.

Ритэ ящыщ ящыщ лэжьыгъэхэр, гъащIэм, псэужьым, хабзэхэм, лъэпкъ нэмысым ятеуIуэ щыхьэрэ, тарихъым хэр, нэгъуэщI тхыгъэхэри тхылъым кьыщыгъэгъэтынущ егъэджакIуэхэм.

Мыхьэнэшхуэ яIэщ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэм. Ар гъэщIэгъуэн, ахэр кьыгъэгъэнэжьащ. Ритэ и лэжьыгъэхэм ящыщ ящыщ зэрыгъэгъэнэжьыр, псоми фIыщIэ хъуащ. Чэнджэщагъуэу сыт щыгъуи сиIащ зи щIэ кьысIуа министрествэм и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ, Налшык дэт сабий сад №7-м и егъэджакIуэ АфIэунэ Зожан. Си Іэдакъэщ1эмк щыгуфIыкIащ Егъэджакlуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и унафэщI Емуэ Нинэ, сыщылажьэ кафедрэм и пашэ Кравцовэ ФатIимэ. Апхуэдэу тхылъым ГъэгуГу ягъуэтынымкIэ фIыщIэ ин ябгъэдэлъщ абы рецензэ хуэзытхаэу КъБКъУ-м и профессор, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор Зэгъэщтокъ уэ Айса, КъБКъУ-м и педколледжым и егъэджакIу у Уэрэзей Равидэ, КъБКъУ-м и сабий сад №9-м и методист, адыгэбзэмкIэ егъэджакIу Жылау Іэминат сыми.

Гугъу кьыздэкIыжьэм ящыщщ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Акъылэн Руслан абы и лэжьакIуэхэу Бицу Анатолэ Мэкъумэшх Анатолэрэ. Арэзы сыкьащу тхылъыр кьыдэзгъэкIыным гу зэлухакIэ елэжьащ абы хэплъэжьа Сонэ Абдулгэрим, сурэтыщIэ эу Теуэрэжькуэ Хьэжет, Алиев Юрэ, Филимоновэ Татьянэ. Фыщ1э яху зощ абы зи гущIэ хэзыльхьа редакторхэм, корректорхэм, нэгъуэщI ІэщlагъэлIэмит.

Псори зэдзэуэ дызэлажьа «Анэбзэ» тхылъыр зыхуэгъэпсахэм сэбэп яхуэхьумэ, ар фIыщIэуэ щы си дежкIэ.

- «Анэбзэм» нэгъуэщI тхылъэхэри кьыкIэлыкIуэнущ?

- Зэманым зэрызихьуэжьым хуэдэу, зэрыщыкIэ з Іэмалхэри едгъэфIэкIуэн хуейщ. Абы теууа методикэ пособием иджыпсту солэжь. ЕгъэджакIуэхэм яхуэщIыхьэпэнущ сабийм и гупсысэм, зэфIэным, кьэуэкIым зеГъэуэкIыным хуэгъэпсахэ тхылъыр. Абы итынущ егъэджэнигъэм пыщIа упщIэхэр, жэуап зыбжанэ ящыIуурэ, пэжри кьыхъэщIауэ. Ауэ жэуап пэжым щыгъуэзэнкIэ егъэджакIуэм и закъуэщIи, зыгуэрэ кьэкIэ сабийр щыуэм, ар игъэтэмэмыжуэрэ зэдэлэжьэнущ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкIэр иджырей зэманым кьигъэуф кьалнэхэм хуохIуэ.

КьынэмыщIауэ, сигу илъ адыгэбзэр сабий садхэм щезыгъэджэ ІэщlагъэлI нэхъ Іэкlуэльакlуэхэм я дерс тыкIэхэр щызэхуэхьэса тхылъэ зэхэзгъэжкIэ адрейхэм ядэгуэшнрэ Іуэху щхьэпэу кьызолытэ.

- Уи сэ, Ритэ, Уи мурадкъэ кьохьулIэну ди гуапэщ.

Епсэлъар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

КьыштщIэхьуэ щIэблэм адыгэбзэр ящIэу, абы пщIэ хуащIу икIи пращъэфIакIуэу щытынымк, щальхуа щIыналъэр фIыуэ яIыгъуу щIалэхэр гъэсэным эфIэкIыу пIэр езыхьэлIэ хэкупсэхэм ящыщу Акцъан Ритэ. Абы КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ и кьудамэр, МКъУ-м и психологие факультетыр кьынхуащ.

Ритэ сабий садым гъэсакIуэу лэжьэн щыщIидзащ. Нужькъэ Нэдыкъ дэт гимназие №13-м егъэджакIуэу иIэж куэдкIэ щыIащ. Абы и дерсхэр гъэдэхуэнт, сабийм я лъэныкъхым, гупсысэм зезыгъэжьы Іэмалхэр дэтхэнэми кьыщIгъэсэбэпу. Аицъанэр щIэх-щIэкIыуэ егупсысыт адыгэбзэр зэрыт щытыкIэм папщIэ лэжьыпхъэхэм. Апхуэдэ гурыльхэр абы кьехьуIаца БгъэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым щылажьэну прагъэблэгъа ноужь. Мы зэманым Аицъанэр институтым школ кIуэгъэу иIэжьажьэнымкIэ и кьудамэм и егъэджакIуэ нэхъыкIэщ, сабий садым щыIэ щыкIуэкIэ адыгэбзэр зэрегъэджыпхъэм теухуа программэ зыщIу зэхилхьаныу щытащ. Ар хьарзынэт, ауэ бзэр псори кьыхэщIиубыдэртэкъым. Итlанэ Багъыщрэ Щомахуэ Хьэлимэтэ программэмщIэ зэхалъхьащ. 1989 гъэм абыхэм кьыдагъэкIаУ щытащ «Сабиигуэ» фIэщыгъэщIэ зиІэ хрестоматие щыкIу. Ари мащIэу, ау я сэфIэн зэхуащ: ари зимыIэ гъэсакIуэ-егъэджакIуэхэм зэу я кьэтщIащ. Ар ди дэIэпыкъуэгъу, иримыкIыуэхэр адэкIэ-мыдэкIэ кьыщIытлъхьэхуэкъуэ дылъэжьащ.

Бзэр щыкIуэхэм нэсу ирипсэджьфын папщIэ егъэджакIуэр зыхуей псори зэуIуэу зэрыт тхылъ кьыдэгъэкIынкьи япэу сигу кьихьащ а лъэхъэнэм. Ауэ ар щыссуэзэфIэкIар нэхъ иужьыыуэкIэщ - институтым лэжьэн щыщIэздза нэужьщ. Абы дикIыуэр кьалэ, кьуажэ сабий садэм эзкьым-тIэукьым дыззрикIыар, адыгэбзэмкIэ яIэ-ямыIэр зэдпIэщIэн, дэрэ зэхуэтхьэса мащIэмкIэ егъэджакIуэхэм защIэдгъэкъуэн мурадкIэ. Кьэзэгуеея псори, си гупсысэхэри, Іуэху епльыкIэн ящыщщIауэ щытащ 2003 гъэм кьыдэзгъэкIа «Анэбзэ» тхылъым. Зэрагъэунэхуу кьыдэкIыгъуэу згъэхъэзыра а тхылъым зэрысльэкIиІэ кьыщIэзащIэзыуфыдащ цIыкIуэхэ, я ныбжь ельытауэ, адыгэбзэм и фонетикэр, лексикэр, морфологиер, синтаксисыр зэрегъэдкьипхэр.

Кьару куэд есьхэлIат а тхылъым, ауэ Іуэхуэр и кIэм зэрынэмысар кьызгурыуэрт. Программэрэ егъэджыпхъэ, яжеIэжьпхъэрэ уиIэ щхьэкIэ, диагностикэ хуейкъэ Іуэхум? Егъэджэныгъэр апхуэмыдэу зэфIэпхыфыныкъым. Зым адрейм кьыкIэльыкIуэу, зым адрейм дыщIигъуэ игитэфIакIуэу щытын хуейщ. Ахэр ящыщ дыдэ кьыздэкIа «Анэбзэ» тхылъым кьыщызгъэгъэлъэужащ.

Ритэ ящыщ ящыщ лэжьыгъэхэр, гъащIэм, псэужьым, хабзэхэм, лъэпкъ нэмысым ятеуIуэ щыхьэрэ, тарихъым хэр, нэгъуэщI тхыгъэхэри тхылъым кьыщыгъэгъэтынущ егъэджакIуэхэм.

Мыхьэнэшхуэ яIэщ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэм. Ар гъэщIэгъуэн, ахэр кьыгъэгъэнэжьащ. Ритэ и лэжьыгъэхэм ящыщ ящыщ зэрыгъэгъэнэжьыр, псоми фIыщIэ хъуащ. Чэнджэщагъуэу сыт щыгъуи сиIащ зи щIэ кьысIуа министрествэм и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ, Налшык дэт сабий сад №7-м и егъэджакIуэ АфIэунэ Зожан. Си Іэдакъэщ1эмк щыгуфIыкIащ Егъэджакlуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ я Айса, КъБКъУ-м и педколледжым и егъэджакIу у Уэрэзей Равидэ, КъБКъУ-м и сабий сад №9-м и методист, адыгэбзэмкIэ егъэджакIу Жылау Іэминат сыми.

Гугъу кьыздэкIыжьэм ящыщщ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Акъылэн Руслан абы и лэжьакIуэхэу Бицу Анатолэ Мэкъумэшх Анатолэрэ. Арэзы сыкьащу тхылъыр кьыдэзгъэкIынымк гу зэлухакIэ елэжьащ абы хэплъэжьа Сонэ Абдулгэрим, сурэтыщIэ эу Теуэрэжькуэ Хьэжет, Алиев Юрэ, Филимоновэ Татьянэ. Фыщ1э яху зощ абы зи гущIэ хэзыльхьа редакторхэм, корректорхэм, нэгъуэщI ІэщlагъэлIэмит.

Псори зэдзэуэ дызэлажьа «Анэбзэ» тхылъыр зыхуэгъэпсахэм сэбэп яхуэхьумэ, ар фIыщIэуэ щы си дежкIэ.

- «Анэбзэм» нэгъуэщI тхылъэхэри кьыкIэлыкIуэнущ?

- Зэманым зэрызихьуэжьым хуэдэу, зэрыщыкIэ з Іэмалхэри едгъэфIэкIуэн хуейщ. Аб

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Гупсысэр - псалъэкIэ

Зэхуэныкъуитl

Си закъуэщ. Закъуэныгъэм и акъужьым щIыIэм срегъэс. Ижь зэманым ар нэхъ зыхэсщIэ хъуащ. Зызоплъыхьри, си хъуреягъыр цIыхущ, ауэ си закъуэщ. Гур мэкIэзызэ, кIызощIыIэкI дунейр. Нэр кIыззтесхмэ, гъэмахуэ дыгъэм и бзий гуащIэм илыпщIыж дунейр щIыIагъэ щоцIэ. Сэ щIыIэм сес. Си гум мыл трищIауэ ащ. ЩIыIэм ис гум зыIэзхуишэурэ, цIыкIунитIэ сфIэхъуащ. Арыншами, ар абрагъуэтэкIым.

Апхуэдэщ гур щынекъуэм - гуитIщхьитIу утетщ дунейм, гум укъурехуэкI, уегъэлъэпэрапэ. Ар адрей и некъуэр имыIэу псэужьыфырыкъыми, кIозауэу ащ!

Гуп уахьыкъами, гъэзгу утехьами, гур хопIэ, поплъэ, мэлъыхъуэр ешIэм ей и адрей некъуэм. ЩимыгъэтхIэ, и жагъуэ мэхъу. Гу некъуэм игъащIэкIэ къыхуэмыкIуэ, емыщхь икIи хуабагъ лъэпкъ зимыIэ мыл кIанэ Iэджэм зыкъыгуаукIэну хэтщ. Ауэ абыхэм къагуроIуэж а гу некъуэ зриIэлIар зыхуэнекъуэр зэрынэгъуэщIыр, зэрамигуэгъури, лъэныкъуэ зрагъэзыж.

Мыдрей тхъэмыщIкIэр а зэрыгуэавэщ: а и некъуэр кIыхуэмыIэмэ, имыгъуэтыххэу къанэмэ... Е щымыIэххэмэ-щэ езым и адрей некъуэр?! Ауэ абы дэнэ щищIэн гухэр щагуэшым, гу псор зэгуащIыкIыу, езымрэ нэгъуэщI зыгуэрымрэ зэрыратар?

Гум гупсысэ хьалъэхэр къыпкрохьэ, и гуэгъум и вагъуэр ижьынкIэ мэшынэ, къыхуэмыгъуэтурэ. Ауэ дызыхуэмей псори щIэх дыдэу зэрызешIыдгъэгъупщэм хуэдэу, ари Iэщ-IохуэжьрI, аргуэру лъыхъуэу иожьэж. Мэпъыхъуэ, а кIыгъурыувэн хуей и некъуэр езым нэхърэ сыткIи нэхъыфIу, нэхъ лъэщу кIызыщIгъэхъуу, и нэр кIыхуикIыу поплъэ.

Зэманым и къалэныр егъэзащIэри, зэхуэныкъуэ гупгъуэр зэрогъуэт. Жьыжьэ Iей кIыкIыу и гугъэу, Iэдакъэжьауэ ищIауэ пэпIэ гур къэщIэж. кIыпльакъуэр бгъэдэту, гъэнэгъу дыдэу кIыщIокIри. Адрей лъэныкъуэм и гугъэр кIыпльыхъуэрт, кIыпльыхъуэурэ къэсат. Къэсат кIыззрапльхрэ и хъуэпсапIэм деж. ЗэхуэкIуэпс гуитIыр зэбгъэдоуэрэри, дунейм ирихьэлIащ. НыкъуитIым апхуэдэу зыя ящIа гу пщтыр изыр мэджжгу. Алыхьым гъащIэу къахуиугхар зэгуэту, лъагъуныгъэм кIигъэщI насыпым щыгуфIыкIыу зэдакIуну зэдытоувэ гъащIэ гъуэгум.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ДЖЭДЫМРЭ джэдыкIэмрэ япэ къэхъуар яхуэзэхэмыгъэкIыу куэд щIауэ зодауэ щIыхуэгъэ. Ауэ абы и пэжыпIэр зыми къыхуэгъуэтырыкъым. Джэдыр япэ къэхъуамэ, ар джэдыкIэншэу дэнэ къыздикIар? Ямэ къэхъуар джэдыкIэрамэ, ар къэзыкIэмIар хэт? Дапщэщ джэд ягъэхъууэ джэдыкIэри яшхыу цIыхухэм щыщIадзар? Мыпхуэдэ гъэрщ жиIэу абыи зыми жэуап иритыфынукъым. Ауэ езджагъэшхуэхэм къахутащ илъэс 3500-рэ и пэкIэ Китайм щыпсэухэм джэд зэрахуэу щытауэ. Абы и пэжкIэ иджырей унагъуэ джэдхэр кIэзытепщIыкIыжа джэдхэр Индием и мэзхэм щIэсауэ жаIэ. КIэщIу жьыпIэмэ, джэдым ныбжьыщхуэ иIэщ, ахэр унагъуэхэм щыIэрахуэн зэрыщIадзэрэ куэд дыдэ щащ. Европэм япэу унагъуэ джэдхэр щагъэ хъуу щыхуежьар Индыкъэзрауэ хуагъафащэ. Абыхэм а псэущхьэр къыздрашар Индиерщ. Инджьилъэм къикIри, Франджым кIуащ, итIанэ урымхэм, адэкIэ алыджхэм я джэ нэсащ. Нэ хъапэу джэд щагъэхъуу щыщIадзахэм хабжэ Германиери. Хуэмэхуэмурэ джэдыр Европэ псом щызэрахуэ хъуащ.

Еджагъэшхуэхэм, зекIуэлIхэм къызэрахутамкIэ, джэдыр дунейм и адрей щIынальэхэм щынэсар нэхъ иужькIэщ. Къащтэмэ, 1493 гъэм Колумб Христофор етIуанэу Америкэм щыкIуам джэд зыбжанэ здишат. Мы зэманым дунейм ныуэ къыщалэжьым и процент 26-м щIигъур джэдыльым хуоэз икIи ар тонн мелуан 72-м нос. ГъэщIэгъуэнщ мыпхуэдэ щапхъэхэр. Иужьрей илъэсипщIым дунейм джэдыуэ къыщалэжьым гъэ къэс хуэзэу тонн мелуанитIым щIигъу къыхуохъу. Джэдыльр къэгъэжьхьмэ, дзэр узыншэу щытынущ.

* * *

Дзэр хужь ищынущ ар зэральэщI пIастэм содэрэ лимоныпс тIкIыурэ хэпльхьэмэ.

* * *

Махуэ псом узэфIэтмэ, лъакъуэхэр йош, пщыхьэщхьэкIэрэ зэшн щIадзэ. Узыр увыIэнчуэ лъакъуэр дакъинкIтIкIэ псы пщтырым, итIанэ секунд 15-кIэ щыIэм хэбгъэтмэ. Апхуэдэурэ эыбжанэрэ пщIа нэужь, псы щIыIэм зэ жьбгоъэуэрэ, уолъэщIыжьи лъэгум крем щыбохуэ.

● Псэущхьэхэм теухуа хъыбархэр

Джэдыр къыздикIар

уатщ, гъэткIугъуэфIэщ, пшхыну гурыхьщ, пщэфIыгъуафIэщ. Джэдыр бгъэжьыну щIэфейдэр лы хъарзынэ къыззрипхым и закъуэнIым, атIэ абы и джэдыкIэри шхыныгъуэфI дыдэщ, къэуатщ. Абы хэтыщ аминокислотхэр, минерал пкъыгъэхэр, витаминхэр. ООН-м къит бкыгъэхэм ятепщIыхьмэ, махуэ къэс дунейм джэдыкIэ мелардитI хуэдизэ щашх, гъэ къэс джэдыкIэ трилIионым щIигъу къыщрах, абы щыщыу мелард 730-м нэсыр яшх. Дунеим цIыхуу тетым тепщIыхьмэ, джэдыпуи джэдыкIэуи щашхыр иджыри мащIэщ, - цIыху къэс хуэзэу илъэсым джэдыльр килограмм 11, джэдыкIэр - 108-рэ хъууэ аращ. Апхуэдэу щIыщытым щхьэусыгъуэ иIэщ, Iэщыщхуэ, мэл, бжэн, кхъуэ хуэдэкэр куэду щызэрахуэ щIыпIэхэм джэдыпу щашхыр нэхъ мащIэщ. Къащтэмэ, Австралием, Новэ Зеландием, нэгъуэщI къэрал куэдым нэхъыбэу щашхыр эмылымрэ тхъэкIуэмэкIыхьылымрэщ. Бдзэжьейр нэхъыбзу зи шхыныгъуэ къэралхэри мащIэкъым.

ДЖЭДЫР куэд щIауэ зыгъэхъухэм ящыщщ адыгэхэри. Абыхэм ижьижьыжь лъандэрэ джэдкъазыр фIы дыдэу къадохъу. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэ хьэлэмэтэхэр щыIэщ. Къапщтэмэ, Бларамберг Иван лъэпкъкIэ нэмыгуэш, 1823 гъэм Урысейм къэIэпхъуащ, урысыдзэм генерал-лейтенанту хэту Кавказым куэдрэ щыIащ, адыгэхэм я дежи щыхьэщIащ. 1827 гъэм абы мыпхуэдэу итхыжат: «Шэрджэсхэм куэду зэрахуэ джэд, гуэгуш, къаз, бабыщ. ЖыпIэ пэтми, пхуэIуэтэнкIым абыхэм я джэдкъазым я дахагъэр. Адакъэхэр уардэщ, хахуэщ. Гуэгушыхьхэр щIэм хуэдизу нищ...» Мис нэгъуэщI зы нэмыщ е елджэгъэшхуэ академиэ Паллас Петр 1766 гъэм щIэныгъэхуэгъэ гупым хэту Кавказым щыIа нэужь итхыжар: «Шэрджэсхэм унагъуэ джэдкъаз хьэлэмэтыщэхэр зэрахуэ. Абыхэм я гуэгушыхьхэмрэ я адакъэхэмрэ я инагъымрэ я дахагъымрэ хуэдэ сэ нэгъуэщI щIыпIэ зэи щыслъэгъуэ ащ».

Апхуэдэ щапхъэхэм пхупыщэнущ. Адыгэхэм куэд щIауэ джэдкъазыр къадемыкIуэкIмэ, мы щIэхэр - джэд, къаз, бабыщ, гуэгуш хуэдэхэр - дэнэ къикIа? Джэдкъазым теухуа адыгэ псалъэжьхэри псэупхафэхэри мащIэкъым. Мис абыхэм ящыщ языныкъуэхэр: «Джэд щыкIуэ и пщIыхьэ», «Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ», «Къэпкlуэкъынымэ, гуэгуш гъэхъу», «Джэдрэ пэт мэуплъэпхъащэ», «Псы тес къаз хуэдэ», «Джэд хуэдэ бынифIэщ», нэгъуэщI куэдри.

НУРЫБЭ Хьэлий.





● 1864 -2009

Мы сурэтищыр Къуанэ Аслъэн Урыс-Кавказ зауэм (1763 - 1864 гъ.). и Iэужь ИстамбылакIуэм триухуащ.

● Чэнджэщхэр

Дзэр хужь, быдэ ещI

Дзэр быдэ ищынущ кальций зыхэль шхынгъуэхэр щIэх-щIэхыурэ пщкымэ. Псом хуэмыдэу абыкIэ къуленщ кхъуейльальэр, дзэр зыгъэшхыкIыкIа адрей шхынгъуэхэр.

* * *

Пщэдджыжьыкъуэ дзэр фIъэщIа нэужь, бэрэтIнэм (мэтэ) къыщIэтъэвыкIа псы стэкъэным лимонгъу щей бжэмыщх хэпкIэрэ жьэдэбгъэжьхьмэ, дзэр узынщэу щытынущ.

* * *

Дзэр хужь ищынущ ар зэральэщI пIастэм содэрэ лимонпс тIкIыурэ хэпльхьэмэ.

* * *

Махуэ псом узэфIэтмэ, лъакъуэхэр йош, пщыхьэщхьэкIэрэ зэшн щIадзэ. Узыр увыIэнчуэ лъакъуэр дакъинкIтIкIэ псы пщтырым, итIанэ секунд 15-кIэ щыIэм хэбгъэтмэ. Апхуэдэурэ эыбжанэрэ пщIа нэужь, псы щIыIэм зэ жьбгоъэуэрэ, уолъэщIыжьи лъэгум крем щыбохуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Дызэрыдэсыну щIыкIэр

Мазаем и 23-м, Хэкум и хьэмакIуэхэм я мазаем ирихьэлIэу, Урысей Федерацэм Лъжьыгъэмкlэ и министерствэм дигу кIыгъэкIыжащ 2009 гъэм и зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр.

МЫ ГЪЭМ махуэгъэпсым пIыIажьу къыхэгъэщхьэхукIа махуэхэр дэсыгъуэхэм ирихьэлIащ (апхуэдэхэм деж къыкIэлъыкIуэ махуэр къыдыщIагъу) е блыщхьэмрэ мэремымрэ техуащ. Абы ипкъ иткIэ, дызыхуэкIуэ мазипIлым кIыриубыдэу ди цIыхухэм махуэ щырыщкIэ тхуэ загъэпсэхунущ. (*Фетлъ теддзэ махуэгъэпсым*).

Мазае

	Февраль			
Бл.	2	9	16	23
Гъу.	3	10	17	24
Бр.	4	11	18	25
Мху.	5	12	19	26
Мр.	6	13	20	27
Щб.	7	14	21	28
Тхъ.	1 8	15	22	

Накъыгъэ

		Май			
Бл.		4	11	18	25
Гъу.		5	12	19	26
Бр.		6	13	20	27
Мху.		7	14	21	28
Мр.	1	8	15	22	29
Щб.	2	9	16	23	30
Тхъ.	3	10	17	24	31

Гъатхэпэ

	Март				
Бл.	2	9	16	23	30
Гъу.	3	10	17	24	31
Бр.	4	11	18	25	
Мху.	5	12	19	26	
Мр.	6	13	20	27	
Щб.	7	14	21	28	
Тхъ.	1 8	15	22	29	

Мэкъуауэгъуэ

	Июнь				
Бл.	1	8	15	22	29
Гъу.	2	9	16	23	30
Бр.	3	10	17	24	
Мху.	4	11	18	25	
Мр.	5	12	19	26	
Щб.	6	13	20	27	
Тхъ.	7	14	21	28	

■ Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр

● ГушыIэхэр

Абыхэм далъэщIыхьэну?

- ДИ ГЪУНЭГЪУМ я псэукIэм хуэдэ дэ дыщIэнур дапщэщу пIэрэ? - хуотхьэусыхэ бзыльхъугъэр и щхьэгъусэм.

- Сыт абыхэ нэхъ хьалэмэту яIэр?

- Сыт яIэми сщIэркъым, ауэ абыхэм я унэр иджы ещанэ яхьунщIэ.

- УвыIэжьныкъым ар, лейуэ фемыдзакIэ.

- Сыт щхьэкIэ? - зыжьэу щIоупщIэ балитхэр.

- Седзэжьащ, - жи Инал, къызыфIимыгъэIуэхуу.

● Цыхуэхъэм я гупсысэхэр

Сыт дамэ къыптезыгъакIэр?

● Тхылъ ущIеджэнур узэджар гъащIэм къыщыбгъэсбэнти щхьэкIэщ.

ДИСТЕРВЕГ Адольф, *нэмыц егъэджакIуэ.*

● Цыхум хуиIэ лъагъуныгъэщ цыхум лъагэу зиIэтыну дамэ къытезыгъакIэр.

ГОРЬКИЙ Максим, *урыс тхакIуэ.*

● НэгъуэщIхэм уаззрефIэкIын Iэмалу сщIэр гуапагъэрщ.

БЕТХОВЕН Людвиг, *нэмыц композитор.*

● Уэ езым пхузэфIэкIынум щхьэкIэ зэи нэгъуэщI умыгъэпIейтей.

ТОЛСТОЙ Лев, *урыс тхакIуэ.*

Уэлэхьи, мыпэж

ИДАР къуажэ шхапIэм здыщIэсым щIалэ цIыкIу гуэр къыщIолъадэ:

- Идар, фи унэр мафIэм ес!

- Уэлэхьи, мыпэж, IуикIыбзэр си жыпым илыщ, - жи Iым.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** «Фабрика звезд» урысейпсо зэпеуэм щытекIуа адыгэ хъыджэбз. **6.** Адыгэ цIыхубэ уэрэд. **9.** Дыхъэпхэн, щIэнэкIалъэ. **10.** Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и дэгуэкIуэу щыта. **11** Адыгэ нэчыхьыр щатхкIэ нысащIэм е щауэм и щыхьэт. **13.** Зи дахапIэр щIу, бжьэхущым е шылэм къыхэщIыкIа щэкI Iув. **14.** ЩытхэкIэ екъуа цIыкIукIэ къагъэлъагъуэ нагъыщэ. **16.** Прохладнэ куейм хыхьэ къуажэ. **17.** Езым и республикэ иIэжу Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ. **22.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ щIэныгъэ. **23.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щэныгъэхмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, бзэщIэныгъэхэм я доктор, профессор, критик, литературоведэ. **26.** Дудар Хьэутий и «Нэчыхьитх» пьесэм хэт персонаж. **27.** ФIы дыдэ, дахэ дыдэ. **31.** IутIыж Борис и «Шамхьун и фызыщэ» пьесэм хэт персонаж. **32.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI. **33.** Щыпсэун папщIэ нэгъуэщI щыпIэ, хэку Iэпхъуа цIыху. **36.** Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуаздэкмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор щIэныгъэлI, егъэджакIуэ. **4.** Совет Союзым и Iныбжьыкъэ адыгэ кхъухьлъатэзэхуэ хахуэ. **5.** Унэм, жьэгум я тхьэ. **6.** ХадэжьКI щащIэ щIы Iыхьэ. **7.** Псомэ яуб, ауэ куэдым ирагъ. **8.** Уанэм ирагъэса, шхуэ хьэзрахIуэ шы. **12.** Нарт лIыхъужь. **15.** 1460 гъэм уву Мысырымрэ Сириемрэ я пащтыхэу (сультIану) щыта адыгэ мамлюк. **18.** Пщым и щхьэгъэусэ, унагъуэм щынэгъущIкIэ льапIэ. **48.** И дамэпIэкIэ хужьу кIуаргъ льэпкъым щыщ къуалэбзу. **49.** Тхыгъэ тхам, тедзам и зы Iыхьэ. Дэм кIуалэкIу щыщIэхэри апхуэдэу ягъэув.

Къехму: **1.** Ахъ зыщIэлъ, кIыру зиIэ. **2.** Муслымэн диным тету ягъэзащIэ уэрэд. **3.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, зауэлI, щIэныгъэлI, егъэджакIуэ. **4.** Совет Союзым и Iныбжьыкъэ адыгэ кхъухьлъатэзэхуэ хахуэ. **5.** Унэм, жьэгум я тхьэ. **6.** ХадэжьКI щащIэ щIы Iыхьэ. **7.** Псомэ яуб, ауэ куэдым ирагъ. **8.** Уанэм ирагъэса, шхуэ хьэзрахIуэ шы. **12.** Нарт лIыхъужь. **15.** 1460 гъэм уву Мысырымрэ Сириемрэ я пащтыхэу (сультIану) щыта адыгэ мамлюк. **18.** Пщым и щхьэгъэусэ, унагъуэм щынэгъущIкIэ льапIэ. **19.** Аруан куейм хыхьэ къуажэ. **20.** Адыгейм щыщ ткакIуэ, нарт IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжьым, кIыззгъэжIынымэ хэтыхьэнгъэфI хуэзыщIа. **24.** Къэбэрдей-Балъкъэрым кIыщIдокI сабий журнал. **25.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, пшынауэ Iэзэ. **28.** Хьэл-щэн дахэ зыхэль, Iэдэб, нэмысыфIэ. **29** Дахэрэ кIэщIу къыжьIа псэлъафэ. **30.** Лы пшэр убам бжьын, бжьыныху хэльу кIэтIинтI гъэжьэбзам иракужу ягъэгъуж адыгэ шхынгъуэ. **34** ЩIэр щыкIу щыкIу упщIэтауэ, ныху, щыбжий, джэдгъын хуэдэхэр хэльу ныбапхъэм кIуэщIыпIуу ягъаву адыгэ шхынигъуэ. **35** Уэшх нэужьым уафэ джабэм кIыщинщ куэд. **36.** Зэпрыкуэ зэгъэльапIэ лъэныкъуэм щыпсэу адыгэхэм къэхутакIуэ И. Клинген XIX лIэщIыбэ гъуэм и кIэм щатетхыхьам гу льитауэ щытащ тхъуийр кIыцIэрагъэкIым икIи мыпхуэдэу тепсэлъыхьат. «Тхъуийр тесэным ну зэу яужь итщ, ауэ зы зэманым псори зэдэхъуркъым».

Мы ежьагъэшхуэм адыгэхэм тхъуийр кIагъэкIыну кIыщихута зэманыр щызэгъэтри, нобэрэй тхъуий лIэужьыгьуэу щIэныгъэлIэмрэ хьупхъэхэххэмрэ ильэс бжьыгъэкIэ зэлэжьаХэри а зы зэманым зэдэхъуркъым, гъагъэ зэпытурэ ёокIуэкI. Нэхъ пасэу кIыпыкIа жьылэхэм пылъэлъын ирамыгъажьэщыкIэ, гъэтха кIыпидзэкIыр нэхъ кIащхьэ зэрихьэу тхъуийр паупщIри, аргьынэу ягъэтIылъ, гъуща нэужькIэ тхъуий жьылэхэр кIыщIагъкIыж.

КъэхутакIуэ Лавров Д. 1880 гъэм зэритхамкIэ, Кавказ Ищхьэрэм тхъуийр къагъэжьын кIыщрагъэжьар 1870 - 1880 гъэхэращ икIи абы кIыз зэрильытэмкIэ, абы щыгъуэщ щым елэжьыным зиужьын щыщIидзар. Мыпхуэдэ гупсысэхэр Лавров хуэдэхэм ядещтэ икIи къабыл елэ Калоев Б.А.

Тхъуийр адыгэхэм къагъэкIыу, ягуу, а гуагъэм шхынигъуэ гурыхьхэр кIыхъащIыкIыу щытащ. ЭдэмэдЗ Iенсер ипыкIэ зэрыщIэм ущIыпхьэ хьыбар: «Я фадэр и Iэфлагъкlэ ещхьт фом, хугум кIыхъащIыкIа тэтэр махъсымэм, бэджьнэ (пиво) щабэм хуэдэт. Я щIакхъуэр гуэдз зэхъжьгъэм кIыхъащIыкIат, мэжаджёр - нартыху хъэ жьыгъэм, мэ Iэфl ящIыурт, умышхыу Iэнэм кIытебнэну уигу пымыкI гулывэр прунжьр хьарзынэу зэзыхьуэжкI тхъуийм кIыхъащIыкIат».

Сэ фIы дыдэу сощIэж: зауэ нэужьу колхозхэм къагъэжIа гуэдзымрэ нартыхумрэ къанэ щымыIэу къэралым щатрихкIэ, лэжьакIуэ щIыхур зыкъуэпсэукIыу щытар и унэ хадэм кърих нартыху, джэш, кIэртIофэ, къэб хуэдэхэмрэ колюз гъбгу эх эм къыщагъэкI хьэ, ху, тхъуий х уэдэх эмрэт Хьэри тхъ уийри ягурти, гулыв эх эр къыхащIыкIырт, яхьэкIырти, щIакъуэ папщIэу ягъэхьэзырыр. Тхъуий хьэжьгъэр хупщIанэ пащIэу зэхащIэрти, тхъу е дагъэ щIадзурэ щIакъуэ пащIэ, урысхэм «блины» жьыхуаIэм ещхьу ягъажьэрт ди нанэ дыщэхэм.

Тхъуийр адыгэхэм ди зы гъавэх экI къэкIыгъэу щытащ, нобэ пщIэ хуэдэмыщIыж щхьэкIэ. Тхъуийм къэу ату (протеину) процент 11 - 12 щIэльщ, дагъэу процент 2-3, азотыншэ экстракт пкъыгъэу (безазотистые экстрактивные вещества) - процент 60-62-рэ.

Тхъуийм и къэхутIэ-къэкIапIэ у щIэныгъэлIэ эм хуагъэфащэ Гималаир, Непалыр. А хэгъуэгуэхэм щыпсэу цIыхухэм я дзэхэмкIэ яIункIыурэ, дз дыгъэгъаэзр (сэхураныр) зэрыгшхым х уэдэ у, яшх. Нобэр къыз дэсым щIэныгъэлIхэм яхуэзэхэгъэкIыркъым тхъуий Iэрысэр цIыхум къызытрагъэхьуклаэу щыта къэкIыгъэр.

Тхъуийр ди зэманым къэралыгъуэ ку зэдым убгъуауэ зэкъыщагъэкI. Канадэм, псалъэм папщIэ, абы гулытIэшхуэ щыхуащI, и тхьэмпхэхэм склероз къыз зетезыгъэувыIэ витамин Р хэпъ у къыз зэрыщIэкIам папщIэ. Тхъуий гъэгъам бжьэм куэду фо къыхах.

ЩIы елэжьыным тхъуийм икъуэкIэ мыхьэнэшхуэ щIэщ, сыту жыпIэмэ, кIасэу (накъыгъэм и 20-30-хэм нэсыху) тесэныр къызэрезэгъыным и фIыгъэкIэ губгъуэхэм удзыкIэхэр хэгъэкъэбзыкIа щохъу.

ХЬЭКЪУН Барэсбий.

● ФщIэуэ пIэрэ?

Тхъуий

МЫ ГУБГЪУЭ къэкIыгъэр Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къагъэкIыу щытащ. Псом я нэхъыбэу тхъуийр хасэрт Псыжь къыныкъуэкIэ щыпсэу адыгэхэм. Кавказ Ищхьэрэм и къухьэпIэ лъэныкъуэм щыпсэу адыгэхэм къэхутакIуэ И. Клинген XIX лIэщIыбэ гъуэм и кIэм щатетхыхьам гу льитауэ щытащ тхъуийр кIыцIэрагъэкIым икIи мыпхуэдэу тепсэлъыхьат. «Тхъуийр тесэным ну зэу яужь итщ, ауэ зы зэманым псори зэдэхъуркъым».

Мы ежьагъэшхуэм адыгэхэм тхъуийр къагъэкIыну кIыщихута зэманыр щызэгъэтри, нобэрэй тхъуий лIэужьыгьуэу щIэныгъэлIэмрэ хьупхъэхэххэмрэ ильэс бжьыгъэкIэ зэлэжьаХэри а зы зэманым зэдэхъуркъым, гъагъэ зэпытурэ ёокIуэкI. Нэхъ пасэу кIыпыкIа жьылэхэм пылъэлъын ирамыгъажьэщыкIэ, гъэтха кIыпидзэкIыр нэхъ кIащхьэ зэрихьэу тхъуийр паупщIри, аргьынэу ягъэтIылъ, гъуща нэужькIэ тхъуий жьылэхэр кIыщIагъкIыж.

Тхъуийр ди зэманым къэралыгъуэ ку зэдым убгъуауэ зэкъыщагъэкI. Канадэм, псалъэм папщIэ, абы гулытIэшхуэ щыхуащI, и тхьэмпхэхэм склероз кIыз зетезыгъэувыIэ витамин Р хэпъ у къыз зэрыщIэкIам папщIэ. Тхъуий гъэгъам бжьэм куэду фо къыхах.

ЩIы елэжьыным тхъуийм икъуэкIэ мыхьэнэшхуэ щIэщ, сыту жыпIэмэ, кIасэу (накъыгъэм и 20-30-хэм нэсыху) тесэныр къызэрезэгъыным и фIыгъэкIэ губгъуэхэм удзыкIэхэр хэгъэкъэбзыкIа щохъу.

ХЬЭКЪУН Барэсбий.

● Цыхуэхъэхэм теухуа

Зэхуэныкъуитl

Си закъуэщ. Закъуэныгъэм и акъужьым щIыIэм срегъэс. Ижь зэманым ар нэхъ зыхэсщIэ хъуащ. Зызоплъыхьри, си хъуреягъыр цIыхущ, ауэ си закъуэщ. Гур мэкIэзызэ, кIызощIыIэкI дунейр. Нэр кIыззтесхмэ, гъэмахуэ дыгъэм и бзий гуащIэм илыпщIыж дунейр щIыIагъэ щоцIэ. Сэ щIыIэм сес. Си гум мыл трищIауэ ащ. ЩIыIэм ис гум зыIэзхуишэурэ, цIыкIунитIэ сфIэхъуащ. Арыншами, ар абрагъуэтэкIым.

Апхуэдэщ гур щынекъуэм - гуитIщхьитIу утетщ дунейм, гум укъурехуэкI, уегъэлъэпэрапэ. Ар адрей и некъуэр имыIэу псэужьыфырыкъыми, кIозауэу ащ!

Гуп уахьыкъами, гъэзгу утехьами, гур хопIэ, поплъэ, мэлъыхъуэр ешIэм и адрей некъуэм. ЩимыгъэтхIэ, и жагъуэ мэхъу. Гу некъуэм игъащIэкIэ къыхуэмыкIуэ, емыщхь икIи хуабагъ лъэпкъ зимыIэ мыл кIанэ Iэджэм зыкъыгуаукIэну хэтщ. Ауэ абыхэм къагуроIуэж а гу некъуэ зриIэлIар зыхуэнекъуэр зэрынэгъуэщIыр, зэрамигуэгъури, лъэныкъуэ зрагъэзыж.

Мыдрей тхъэмыщIкIэр а зэрыгуэавэщ: а и некъуэр кIыхуэмыIэмэ, имыгъуэтыххэу къанэмэ... Е щымыIэххэмэ-щэ езым и адрей некъуэр?! Ауэ абы дэнэ щищIэн гухэр щагуэшым, гу псор зэгуащIыкIыу, езымрэ нэгъуэщI зыгуэрымрэ зэрыратар?

Гум гупсысэ хьалъэхэр зэкъыпкрохьэ, и гуэгъум и вагъуэр ижьынкIэ мэшынэ, къыхуэмыгъуэтурэ. Ауэ дызыхуэмей псори щIэх дыдэу зэрызешIыдгъэгъупщэм хуэдэу, ари Iэ-щIохуэжьри, аргуэру лъыхъуэу иожьэж. Мэпъыхъуэ, а кIыгъурыувэн хуей и некъуэр езым нэхърэ сыткIи нэхъыфIу, нэхъ лъэщу кIызыщIгъэхъуу, и нэр кIыхуикIыу поплъэ.

Зэманым и къалэныр егъэзащIэри, зэхуэныкъуэ гупгъуэр зэрогъуэт. Жьыжьэ Iей кIыкIыу и гугъэу, Iэдакъэжьауэ ищIауэ пэпIэ гур къэщIэж. кIыпльакъуэр бгъэдэту, гъэнэгъу дыдэу кIыщIокIри. Адрей лъэныкъуэм и гугъэр кIыпльыхъуэрт, кIыпльыхъуэурэ къэсат. Къэсат кIыззрапльхрэ и хъуэпсапIэм деж. ЗэхуэкIуэпс гуитIыр зэбгъэдоуэрэри, дунейм ирихьэлIащ. НыкъуитIым апхуэдэу зя ящIа гу пщтыр изыр мэджжгу. Алыхьым гъащIэу къахуиугхар зэгуэту, лъагъуныгъэм кIигъэщI насыпым щыгуфIыкIыу зэдакIуну зэдытоувэ гъащIэ гъуэгум.

ЩОМАХУЭ Залинэ.



Мазаем и 14-м ди газетым тета псалъэзблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Хьэсэгъу. **8.** Хьэмбылу. **9.** Андэгуръ. **13.** Шэпхъ. **14** Вабдз. **15.** Хуарэ. **16.** Удж. **17.** Хъы. **18.** Шыпхъу. **20** Нал. **21.** Кьуадей. **22.** Пщащ. **25** Псапэ. **30.** Быруб. **31.** Щай. **32.** Ныш. **33.** Бжьыхьэ. **36.** Нэмыс. **37** Лъэпэд. **40.** Iулъхьэ. **41** Еру. **42.** Уадэ. **43.** Хъун. **47.** Хъэ. **48.** ЩIыIуб. **50.** ХьэмкIэ. **51.** Тхылъ. **52.** Аждэгъуэм. **53.** Iупэщабэ. **55.** Жыркъ.

Къехму: **1.** Усэ. **2.** Хьэлыдвэ. **3.** Гъуэншэдж. **4.** КIэпхъ. **5.** Абрэдж. **6.** КIэрэхъ. **7.** Урыхъ. **10.** Дзэмыхь. **11** Абрагъуэ. **12.** Аргъуей. **19.** Хъуп. **21.** Кьуэ. **23.** Шабзэ. **24** Пащты. **26.** Сэшхуэ. **27.** Пабжьэ. **28.** Бру. **29.** Дыгъу **34** Iэрамэ. **35** Кьулышькъ. **36** Нэ. **38.** Ду. **39.** АдрыщI. **44** Ныбгъуэ. **45.** ЩхьэмыжьI. **46.** Хьэщпкъ. **47** . Хьэнщ. **49** . Бажэ. **51** Тебэ. **54** Къурщ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр

Мазаем и 14-м ди газетым тета псалъэзблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Хьэсэгъу. **8.** Хьэмбылу. **9.** Андэгуръ. **13.** Шэпхъ. **14** Вабдз. **15.** Хуарэ. **16.** Удж. **17.** Хъы. **18.** Шыпхъу. **20** Нал. **21.** Кьуадей. **22.** Пщащ. **25** Псапэ. **30.** Быруб. **31.** Щай. **32.** Ныш. **33.** Бжьыхьэ. **36.** Нэмыс. **37** Лъэпэд. **40.** Iулъхьэ. **41** Еру. **42.** Уадэ. **43.** Хъун. **47.** Хъэ. **48.** ЩIыIуб. **50.** ХьэмкIэ. **51.** Тхылъ. **52.** Аждэгъуэм. **53.** Iупэщабэ. **55.** Жыркъ.

Къехму: **1.** Усэ. **2.** Хьэлыдвэ. **3.** Гъуэншэдж. **4.** КIэпхъ. **5.** Абрэдж. **6.** КIэрэхъ. **7.** Урыхъ. **10.** Дзэмыхь. **11** Абрагъуэ. **12.** Аргъуей. **19.** Хъуп. **21.** Кьуэ. **23.** Шабзэ. **24** Пащты. **26.** Сэшхуэ. **27.** Пабжьэ. **28.** Бру. **29.** Дыгъу **34** Iэрамэ. **35** Кьулышькъ. **36** Нэ. **38.** Ду. **39.** АдрыщI. **44** Ныбгъуэ. **45.** ЩхьэмыжьI. **46.** Хьэщпкъ. **47** . Хьэнщ. **49** . Бажэ. **51** Тебэ. **54** Къурщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР